



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON TÈREN NAN FRONTIER TOWN CAMPGROUND AK PARADOX BREWERY

*Investisman Piblik/Prive pou 25 Milyon Dola a Ke Yo Angaje Jiska Dat lan Pral
Etabli Santral Touristik “Pòt Prensipal nan Adirondacks” lan*

*Revitalizasyon Ansyen Pak Atraksyon an Pral Favorize Ekonomi Lokal epi Relye
Opòtinite Rekreyatif yo ki nan Adirondacks*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a inogirasyon tèren nan Zòn pou Tèren Kan, Kavalye ak Izaj nan Jounen nan Frontier Town (Frontier Town Campground, Equestrian and Day Use Area) ak yon nouvo etablisman brasri pou Paradox Brewery. Nouvo etablisman tèren kan piblik lan, ki sitiye nan espas ansyen pak atraksyon Frontier Town lan ki nan komin North Hudson, se yon pwojè ki pote siyati santral touristik “Pòt Prensipal nan Adirondacks” (Gateway to the Adirondacks) Gouvènè an, epi li fè pati inisyativ Adventure NY Eta a pou entansifye aksè a tèren eta yo, epi konekte moun New York yo ak lanati ak espas ekstèn yo. Yo te angaje yon anviwon 25 milyon dola resous piblik/prive nan pwojè a jiska dat.

“Devlopman sa pral kreye yon tèren kan klas mondyal inik pou moun New York yo menm jan ak vizitè yo pou yo pwofite de li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pòt Prensipal nan Adirondacks pral sèvi kòm yon pwen santral pou tout divètisman ki nan zòn nan, sa ki ap benefisye yon fason konsiderab a kominote lokal lan ak endistri touristik reyon an.”

Plan pou tèren kan yo te elabore nan Plan Prensipal Santral Divètisman Upper Hudson lan pou etabli yon Pòt Prensipal nan Adirondacks ki pral relye eksperyans divètisman ekstèn rejon ak lokal yo nan Adirondack Park, favorize touris, epi ranfòse ekonomi rejon North Country an.

Nan diskou Eta Leta 2017 li an, Gouvènè Cuomo te anonse Plan Prensipal pou etabli yon santral touristik nan Sòti 29 nan Northway ki nan komin North Hudson lan. Nan komin Adirondacks, espas Pòt Prensipal lan te nan tan lontan lakay pak atraksyon Frontier Town lan. Eta New York la ak Open Space Institute (OSI) la, ki ap travay an kolaborasyon ak komin ki alantou Adirondack yo, te anboche antrepriz Chazen Companies pou kreye yon plan pou yon nouvo sant lwazi ki pral amelyore ekipman lokal yo, elaji aksè, epi atire plis kantite vizitè pou vini nan pak la.

Yon konpozan kle nan plan prensipal lan se yon investisman 19 milyon dola ke eta a te fè atravè NY Works pou devlope yon nouvo tèren kan DEC, ki gen ladan zòn kanpin kavalye ak izaj nan jounen an yo ki te konstwi sou anviwon 37 ekta tèren ki posede pa komin North Hudson ak Konte Essex. Etablisman an pral fonksyone selon kondisyon yon sèvitid konsèvasyon, epi li pral elabore pou konplemanje topografi ak karakteristik natirèl espas lan.

Komisè DEC Basil Seggos te deklare, “Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, nou vin kounye a yon pa pi pre pou kapab etabli yon santral ki esansyèl pou touris yo nan Adirondacks ki pral favorize devlopman ekonomik nan bay aksè ki fasil a tout opòtinite rekreyatif Adirondack Park yo nan yon sèl espas santral. Pwojè Pòt Prensipal nan Adirondacks lan se yon pyès santral nan inisyativ Adventure NY Gouvènè an. Tèren kan inik ki apwopriye pou fanmi yo ke yo te devwale jodi a, ansanm ak ekipman enpòtan yo tankou Paradox Brewery, yo pral bay yon platfòm lansman ki enpòtan pou abitan menm jan ak vizitè yo pou kapab eksplòre eksperyans klas mondyal yo ke Adirondack Park gen pou ofri. Mwen felisite pèsonèl nou ak patnè eta, lokal ak prive nou yo pou efò djanm yo te fè pou devlope atou enpòtan sa”.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), RoAnn Destito, te di, “OGS fyè anpil pou li travay ak DEC sou konstwiksyon nouvo zòn divètisman ak tèren kan Frontier Town lan ki ap ede elaji vizyon Gouvènè Cuomo a pou devlope touris nan Eta New York. Kit ou vle al mache, al fè kanpin ak fanmi ou, oswa pase tan sou santye a ak cheval ou yo, pa pral gen pi bon kote ke Frontier Town ki nan pòt prensipal nan Adirondacks lan”.

An 2017, Empire State Development (ESD) te fè soti yon Apèl pou Òf pou devlope epi opere destinasyon touristik adisyonèl ki tou pre espas lan, ki ap relye konsèp ak prensip ki pwopoze nan Plan Prensipal epi konplemanje etablisman rekreyatif DEC yo. ESD kontinye travay ansanm ak otorite yo nan Konte Essex ak komin North Hudson pou detèmine pwochèn etap yo pou pwojè a. An plis, ESD te fè patenarya ak Paradox Brewery ki baze nan Konte Essex pou sipòte yon pwojè ki ap pèmèt brasri an konstwi yon nouvo etablisman, epi elaji operasyon yo nan espas lan, kreye travay epi ankouraje touris rejyonal.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Ekspansyon Paradox Brewery se yon gwo ajou nan ansyen Frontier Town lan, ki ap mete aksan sou byè klas mondyal ke y’ap pwodwi nan Adirondacks, epi akeyi vizitè yo ki ap chèche yon eksperyans bwason atizanal ki otantik. Brasri an pral konplimante lòt pwojè ki ap vanse yo nan ansyen Frontier Town lan, nan travay ansanm pou sipòte vizyon Gouvènè an pou zòn nan”.

Zòn pou Tèren Kan, Kavalye ak Izaj nan Jounen nan Frontier Town

Santye yo nan Zòn pou Tèren Kan, Kavalye ak Izaj nan Jounen nan Frontier Town yo pral konekte rezo santye ki genyen an ak Route 9 Eta New York lan, ak yon pati nan rezo santye Schroon Lake-North Hudson Snowmobile lan ke yo konnen sou non “Ti to Co Line Trail”. Santye yo pral bay konektivite ak Forè Sovaj Hammond Pond lan nan lès, Forè Sovaj Montay Vanderwhacker a nan lwès, ak koneksyon Pon Palmer Pond lan

nan lwès ki ap mennen nan tèren ki se pwopriyete piblik yo ki gen ladan yo Boreas Ponds Tract (jan li te konpleman nan Amandman Plan Jesyon Inite Montay Vanderwhacker lan) ak Batiman Essex Chain Lakes lan. An plis, santye yo ki nan Zòn pou Tèren Kan, Kavalye ak Izaj nan Jounen nan Frontier Town yo pral konekte lòt santye ak wout piblik yo ki asosye ak devlopman prive ki antisipe yo nan pòsyon rejyon nò zòn pwojè a nan Sòti 29.

Nouvo tèren kan DEC an, ki te elabore an kolaborasyon ak DEC ak OGS, ki te anboche ak C.T. Male Associates, pral gen ladan 91 espas kan pou akomode yon seri eksperyans kanpin:

- Yo te amenaje yon zòn kanpin pou kavalye ki dèyè etablisman Otter Creek DEC an ki pral bay espas pou 33 espas kanpin pou kavalye yo, ki genyen fonksyon ki konfòm a Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act).
- Yon zòn veyikil rekreyatif ak kanpin pou karavàn ak espas pou 13 RV ak espas kanpin pou karavàn. Platfòm pou RV ak espas kan pou karavàn yo pral gen plòg elektrik ak espas ponpye yo, epi yo pral plase tiyo dlo yo yon fason ki konfòtab.
- Yon zòn pou kanpin anba tant yo pral gen ladan yon total 45 espas pou tant, ki gen ladan twa espas pou gwoup kanpin yo, de batiman pou moun benyen, yon tèren pou jwe ak de paviyon. Yo pral konsève yon minimòm 30 pye rezèv vejetasyon aktyèl ki ant espas pou tant yo, epi yo pral fè rekile tout espas pou tant yo de omwen 30 pye soti depi nan tèt riv lan sou tout Rivyè Schroon lan pou ke yo pa vizib pou itilizatè rekreyatif ki nan rivyè a.
- Yon zòn pakin pou aksè nan santye pandan tout sezon an pral lokalize soti Frontier Town Road tou pre Route 9 Eta New York lan, ki ap bay espas pakin pandan tout ane a pou 26 veyikil, ki gen ladan espas pou 18 veyikil ak remòk pou motonèj yo, sis pou veyikil sèlman, ak de pou veyikil ki aksesib yo.
- Yon zòn pou izaj nan jounen an epi ki sezonye pral lokalize sou rivaj Rivyè Schroon lan ak 34 espas pakin.
- Gichè tikè antre yo pral itilize enèji solè pou sipòte yon pati nan operasyon pou vann tikè yo, epi yo pral bay ekipman pou pèsònèl yo tou.
- Estasyon pou rechaj veyikil elektrik yo pral disponib nan zòn pou izaj nan jounen an epi ki sezonye ak nan zòn kanpin pou tant yo.

Pou kapab jwenn plis detay ak kontrandi yo, vizite [sit entènèt DEC a](#).

Pou kapab mete pwojè a sou pye, OGS te bay yon pake preparasyon espas nan The Wesson Group of Johnstown. Yo te bay kontra pou konstwi nouvel zòn tèran kan an, sant pou kavalye ak izaj nan jounen an bay: Luck Bros. Inc. nan Plattsburgh pou konstwiksyon; Weydman Electric, Inc., yon WBE ki nan Syracuse pou travay elektrik; ak L.H. LaPlante Company, Inc. nan Plattsburgh pou plonbri ak mekanik.

Yo prevwa ke zòn pou izaj nan jounen pandan tout sezon an pral ouvri nan sezon otòn sa Yo antisipe ke Zòn pou Tèren Kan, Kavalye ak Izaj nan Jounen nan Frontier Town pral operasyonèl totalman apati sezon ete pwochen.

Paradox Brewery

Paradox Brewery te fonde an 2013 pa ansyen Pilòt Lame a Paul Mrocka, ki te devlope yon apresyasyon pou brasri pandan ke li te estasyon nan peyi Almay. Liy byè atizanal brasri an te resevwa prim ak atansyon nasyonal, ki te jenere pi plis demann ak yon nesite pou elaji operasyon yo. Paradox te achte yon pasèl ki mezire 4.5 ekta nan ansyen espas Frontier Town lan pou konstwi yon nouvo etablisman brasri, ki gen ladan yon sal pou goute pou akeyi vizitè yo ki enterese aprann sou operasyon nan brasri yo epi pou kapab goute pwodwi brasri yo. Kontrandi sou nouvo etablisman an yo disponib [la a](#).

Paradox pral investi 5.2 milyon dola nan nouvo etablisman an, ki gen ladan konstwiksyon, machinri ak ekipman, ak enstalasyon yon nouvo sistèm tretman pou dlo ize yo. ESD ap bay 200,000 dola atravè sibvansyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country an (North Country Regional Economic Development Council, NCREDC), ak 300,000 dola nan kredi enpo Pwogram Travay Eksèlisyò yo (Excelsior Jobs Program) pou kreyasyon 22 pòs travay. An plis, Otorite Devlopman yo nan North Country ap bay Konte Essex 500,000 dola atravè Fon pou Devlopman North Country an pou demolisyon nan espas Frontier Town lan.

Paul Mrocka, ki se Prezidan Paradox Brewery, te deklare, “Nan non tout moun ki nan Paradox Brewery, mwen kontan anpil pou mwen inogire tèren nan nouvel brasri ki elaji nou an nan North Hudson. Sa pral pèmèt nou reponn a deman ki ap ogmante pou pwodwi nou yo, epi ofri plis vizitè opòtinite pou kapab eksperimante Byè Atizanal Adirondack ki Pur nan sistèm montanye ki pafè a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Empire State Development poutèt sipò yo pou pwojè sa”.

Senatè Betty Little te deklare, “Menm jan ak anpil moun ki vwayaje nan Adirondack Northway, lè m’ap pase nan sòti 29 lan mwen gade ansyen Frontier Town lan epi mwen sonje souvni ki gen tandrès yo. Men kounye a se moman pou nou gade nan fiti, pou nou kreye yon nouvel destinasyon kote pi plis fanmi pral pataje moman espesyal epi fè pwòp souvni yo. Sa pral yon gwo bourad pou ekonomi lokal lan epi li ap pote travay ak revni nan yon pati nan Adirondack ki bezwen epi merite modèl envestisman sa”.

Manm Asanble Dan Stec te deklare, “Elajisman opòtinite devlopman ekonomik yo nan Adirondack Park sa se yon viktwa pou tout moun. Inisyativ Pòt Prensipal nan Adirondacks lan pral bay vizitè yo yon gwo eksperyans rekreyatif ak opòtinite pou kapab goute kèk nan pi bon bwason atizanal ke yo te pwodwi ak men nan eta a”.

Randy Preston, prezidan konsèy sipèvizè Konte Essex la, te deklare, “Pwojè Frontier Town lan se bagay ki pi pozitif ki rive nan Konte Essex pandan plizyè ane, epi nou remèsye Gouvènè Cuomo poutèt vizyon li pou fè sa vin yon reyalyite”.

Ron Moore, ki se Sipèvizè Komin North Hudson, te deklare, “Inogirasyon tèren nan nouvo Zòn pou Tèren Kan, Kavalye ak Izaj nan Jounen nan Frontier Town ak Paradox Brewery an se bon nouvel pou komin North Hudson ak tout Senk Komin Santral Divètisman Upper Hudson lan. Ansanm ak Boreas Ponds Tract ak Essex Chain of Lakes, santye konektè pou kominote ki planifye nan Minerva, Newcomb, Indian Lake,

Long Lake ak North Hudson yo pral bay nouvell opòtinite rekreyatif epi ki inik, ki pral fè zòn sa vin tounen yon destinasyon nan tout mond lan pou moun vin pwofite de tout sa ke Adirondack Park gen pou ofri. Touris rekreyatif ki ogmante sa pral bay bourad ekonomik ke komin nou yo dezespereman bezwen, epi li pral non sèlman soutni biznis yo ke nou genyen men tou bay mwayen pou gen nouvo kwasans ak opòtinite pou biznis yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm Komisè Seggos poutèt vizyon ak angajman yo nan fè nouvell opòtinite rekreyatif sa vin posib”.

Garry Douglas, ki se Prezidan Chanm Komès North Country epi Ko-Prezidan NCREDC, te deklare, “Redevlopman espas Frontier Town lan ki nan North Hudson kòm yon pòt prensipal ki akeyan pou vizitè Adirondack yo se ankò yon lòt investisman transfòmatif nan rejyon nou an ke Gouvènè Cuomo te fè. REDC North Country an kontan espesyalman poutèt li te gen opòtinite pou sipòte Paradox Brewery kòm yon pyès santral nan devlopman sa. Nou voye remèsiman nou bay Paradox poutèt kwasans pèmanan li nan North Country epi pou Gouvènè Cuomo, Senatè Little ak Manm Asanble a Stec poutèt sipò yo nan pwojè pòt prensipal istorik sa”.

James W. Wright, ki se Direktè Egzekitif Otorite Devlopman yo nan North Country, te deklare, “Touris se yon estrateji kwasans kle pou North Country, epi Otorite Devlopman yo kontan pou yo kapab fè patenarya ak Konte Essex atravè Fon pou Redevlopman an, ki te administre nan non Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country an, pou ede fè pwojè Frontier Town lan vin yon reyalite. Demolisyon kèk nan estrikti ki demode yo pral prepare espas lan pou kwasans ak devlopman nan fiti”.

Kim Elliman, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Open Space Institute, te deklare, “Pwojè Pòt Prensipal Adirondack lan pral amelyore aksè piblik, elaji opòtinite rekreyatif yo, epi sipòte ekonomi lokal yo ki nan kè Adirondacks, epi OSI fyè poutèt li te jwe yon wòl antisipe kòm pivo nan pran lide a soti konsèp pou vin tounen reyalite. Enplikasyon nou nan pwojè Pòt Prensipal lan sa ap ajoute sou 25 ane konsèvasyon tèren nan Adirondacks yo, epòk kote nou te pwoteje plis pase 11,331 ekta tèren pou sipòte eritaj kiltirèl ak natirèl rejyon an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)